**ENFÒMASYON YO MANDE YO SE POU VOYE DEMAND LA SÈLMAN**
**NON MOUN K AP APLIKE A (YO):**
**NON AJANS LAN:**



ETA NEW YORK
BIWO SÈVIS POU TIMOUN AK FANMI

# FÒM EVALYASYON SEKIRITE
## ADOPSYON SÈLMAN

**Eksplikasyon:**

**Travayè Sosyal/travayè ajans yo**: Yo dwe ranpli fòm sa a ansanm ak moun k ap aplike a (yo) nan premye apwobasyon an ak/oswa nenpòt lè genyen chanjman nan kote moun lan rete a.

**Moun k ap aplike a (yo):** Moun k ap aplike a (yo) dwe ede travayè sosyal la/travayè ajans lan nan verifikasyon kay la. Moun k ap aplike a (yo) dwe verifye nenpòt aksyon ki rekòmande ak travayè sosyal la/travayè ajans lan. Moun k ap aplike a (yo) dwe verifye epi siyen *Fòm Verifikasyon Sekirite* ou ranpli a. Y ap mete ladan rezilta verifikasyon sekirite a kòm yon pati nan detèminasyon jeneral ajans lan pou apwobasyon.

| **ENFÒMASYON SOU MOUN K AP APLIKE A (YO)** | | |
|---|---|---|
| **NON MOUN K AP APLIKE A (YO):** | | |
| **ADRÈS:** | | NIMEWO TELEFÒN: ( ) - |
| **TCHEKE YOUN AK DAT LA:** | ☐ Dat Inisyal la: / / | ☐ Dat Mizajou a: / / |
| Deskripsyon fizik kay la (mete plan kay la): | | |
| Evalye zòn sa yo nan kay la, bay enpresyon jeneral ou anrapò ak chak zòn espesifik (itilize konsiderasyon yo sijere yo pou ede ou). Deklare klèman nenpòt pwoblèm sante ak/oswa sekirite ki DWE trete. | | |

## I. PWOTEKSYON NAN ZAFÈ ELEKTRIK

**KONSIDERASYON:**

- Èske fil kouran yo nan bon kondisyon, yo pa dekale, tepe oswa kole?
- Èske alonj yo nan bon kondisyon?

| | |
|---|---|
| **ENPRESYON JENERAL** | |
| **VAKSEN YO REKÒMANDE** | ☐ Nanpwen |

## II. LAPWÒPTE AK FÈ TRAVAY NAN KAY

**KONSIDERASYON:**

- Èske kay la pa gen okenn fatra oswa debri moun kapab wè?
- Èske gen yon distribisyon dlo adekwa epi ki san danje pou moun bwè ak pou kay la sèvi oswa èske se nan pi, sous oswa lòt sous prive ki pwoteje kont kontaminasyon dlo a sòti? Èske genyen dlo cho pou lave ak benyen?
- Èske kay la gen ase enstalasyon sanitè, twalèt ak kote pou moun benyen ki pwòp ak ijyenik?
- Èske yo estoke tout likid ak materyèl netwayaj ki pran dife fasil yo nan bwat ki fèmen sere epi kenbe yo an sekirite kote timoun piti pa p jwenn yo?
- Èske kay la te konstui anvan lane 1978? Si wi, èske w panse kay la pa gen penti ki gen plon ladan?
- Èske w mete tout medikaman, matyè ki gen pwazon ladan, pwodui netwayaj, lòt materyèl danjere ak bwason ki gen alkòl yon kote ki an sekirite epi timoun yo p ap ka jwenn yo?
- Èske gen yon telefòn ki fonksyone nan kay la oswa èske ou gen aksè nan yon telefòn ki mache byen ki pa lwen kay la?
- Èske tout nimewo ijans yo afiche yon kote moun kapab wè yo?

| | |
|---|---|
| **ENPRESYON JENERAL** | |
| **VAKSEN YO REKÒMANDE** | ☐ Nanpwen |

## III. PWOTEKSYON MATERYÈL CHOFAJ YO

**KONSIDERASYON:**

- Èske aparèy chofaj la an sekirite epi ase pou fè timoun yo alèz nan kay la?
- Èske genyen yon ti aparèy chofaj pòtab nan kay la? Si wi, èske li gen yon fonksyonalite pou etenn poukont li?
- Èske yo te enstale sous chofaj la selon Kòd Inifòm Prevansyon Dife ak Konstriksyon Eta New York la?

| | |
|---|---|
| **ENPRESYON JENERAL** | |
| **VAKSEN YO REKÒMANDE** | ☐ Nanpwen |

## IV. BILDING AK ARANJMAN POU DÒMI

**KONSIDERASYON:**

- Kikote chanm yo ye nan kay la?
- Ki plan ki genyen pou aranjman pou dòmi?
- Èske gen kote ki apwopriye pou timoun lan (yo) mete afè li (yo) epi pou li (yo) gen entimite l (yo) – plaka, bifèt, pòt chanm?
- Èske gen limyè ak vantilasyon ki apwopriye nan chak chanm pou timoun yo?
- Ki plan ki genyen pou adapte aranjman pou dòmi ki apwopriye pou yon tibebe, si sa aplikab?
- Èske te gen yon diskisyon/verifikasyon 13-OCFS-ADM-02 ak moun k ap aplike a (yo)?

| | |
|---|---|
| **ENPRESYON JENERAL** | |
| **VAKSEN YO REKÒMANDE** | ☐ Nanpwen |

## V. PWOTEKSYON KONT LAFIMEN AK DIFE

**KONSIDERASYON:**

- Èske moun ki nan fanmi yo fimen? Si wi, èske yo jete bagay yo fimen yo yon kote ki p ap reprezante yon danje?
- Èske yo mete alimèt ak brikè yo kote pou timoun yo pa jwenn yo?
- Èske gen yon plan evakyasyon pou tout moun nan kay la kapab sòti rapid epi an sekirite si ta gen dife?
- Èske gen yon kote ki vize pou rankontre apre evakyasyon an?
- Èske te gen omwen yon egzèsis evakyasyon si ta gen dife nan kay la dènye ane ki sot pase a?
- Èske tout manm fanmi an (ki kapab fè sa sou plan devlopman) konnen ki jan pou yo rele ponpye si ta gen dife?
- Èske kay la pa gen ris pou l pran dife?
- Èske gen aparèy pou detekte lafimen nan kay la?
    - Si wi, èske aparèy sa yo respekte tout egzijans ak règleman ki gen pou wè ak enstalasyon bilding lokal ak sekirite yo?
- Èske gen aparèy pou detekte monoksid kabòn nan kay la?
    - Si wi, èske aparèy sa yo respekte tout egzijans ak règleman ki gen pou wè ak enstalasyon bilding lokal ak sekirite yo?
- Èske gen aparèy pou etenn dife nan kay la? Èske tout manm fanmi an (ki kapab fè sa sou plan devlopman) konnen kote aparèy pou etenn dife a ye ak kijan pou yo itilize li?
- Èske genyen yon fwaye dife nan kay la? Si wi, èske gen yon tuil devan fwaye dife a lè y ap itilize l?

| | |
|---|---|
| **ENPRESYON JENERAL** | |
| **VAKSEN YO REKÒMANDE** | ☐ Nanpwen |

## VI. ZAM

**KONSIDERASYON:**

- Èske gen zam, fizi oswa fizi chas nan kay la?
- Èske gen nenpòt lòt zam nan kay la?
- Èske chak zam gen lisans selon nòm Eta ak lokal ki anvigè yo?
- Si gen zamafe, fizi oswa fizi chas nan kay la, èske ou ranje zam ak bal yo yon fason separe yon kote ki klete?
- Èske gen lòt mezi sekirite ou pran pou w evite moun manyen zam yo san otorizasyon epi pou w evite blesi potansyèl?

| | |
|---|---|
| **ENPRESYON JENERAL** | |
| **VAKSEN YO REKÒMANDE** | ☐ Nanpwen |

| VII. | PWOPRIYETE/DLO |
|---|---|

**KONSIDERASYON:**

- Èske gen yon pisin nan kay la?
  - Si wi, tcheke youn: ☐ Nan tè ☐ Anlè tè
  - Si wi, èske pisin lan respekte tout egzijans ak règleman ki gen pou wè ak enstalasyon bilding lokal ak sekirite yo?
  - Si wi, èske gen yon kloti ki antoure pisin lan ki fè minimòm kat (4) pye?
- Èske kay la toupre yon letan, ravin, elatriye?
- Èske gen yon plan ki sifi pou kenbe timoun lan (yo) an sekirite lwen lari ki gen anpil moun, trafik ak/oswa dlo sou pwopriyete a?

| | |
|---|---|
| **ENPRESYON JENERAL** | |
| **VAKSEN YO REKÒMANDE** | ☐ Nanpwen |

## VIZIT SWIVI KI NESESÈ

☐ Aksyon Rekòmande; Vizit Swivi Ki Pwograme

☐ Nanpwen- Travayè sosyal la/travayè ajans lan ale nan seksyon Evalyasyon Verifikasyon Sekirite.

**Vizit swivi a nesesè selon aksyon yo rekòmande pi wo a. Lè li (yo) siyen pi ba a, moun k ap aplike a (yo) rekonèt li (yo) egzaminen fòm sa a ak yon vizit swivi.**

| | |
|---|---|
| SIYATI MOUN K AP APLIKE A:<br>**X** | DAT LA:<br>/ / |
| SIYATI MOUN K AP APLIKE A:<br>**X** | DAT LA:<br>/ / |
| SIYATI TRAVAYÈ SOSYAL LA/TRAVAYÈ AJANS LAN:<br>**X** | DAT LA:<br>/ / |

## REZILTA VIZIT SWIVI

**Dat Vizit Swivi a:** / /

**REZILTA YO:**

## EVALYASYON VERIFIKASYON SEKIRITE

**Pa gen okenn lòt swivi ki nesesè. Ranpli evalyasyon verifikasyon sekirite ki pi ba a. Apre sa, moun k ap aplike a (yo), travayè sosyal la/travayè ajans lan ak sipèvizè a siyen Fòm Verifikasyon Sekirite a.**

| | |
|---|---|
| Espas fizik, konstriksyon ak antretyen kay la ak lokal la nan bon kondisyon epi yo kenbe yo nan yon kondisyon ki pwòp ak ijyenik ase pou manm fanmi adoptif la garanti byennèt fizik ak yon degre konfò fizik ki rezonab. | ☐ Non ☐ Wi |
| Si repons lan se non, bay yon deskripsyon an detay | |
| SIYATI MOUN K AP APLIKE A:<br>**X** | DAT LA:<br>/ / |
| SIYATI MOUN K AP APLIKE A:<br>**X** | DAT LA:<br>/ / |
| SIYATI TRAVAYÈSOSYAL LA:<br>**X** | DAT LA:<br>/ / |
| SIYATI SIPÈVIZÈ A (SI AJANS LAN EGZIJE SA):<br>**X** | DAT LA:<br>/ / |